

Rezime Egzekitif

ES.1 KISA PWOGRAM PLANIFIKASYON TRAVAY INIFYE A YE?

Pwogram Planifikasyon Travay Inifye a (The Unified Planning Work Program, UPWP) ki te kreye pa Òganizasyon Metwopoliten Rejyon Boston (Metropolitan Planning Organization, MPO), eksplike kijan y ap depanse fon planifikasyon transpò federal rejyon Boston nan yon fiskal federal (federal fiscal year, FFY) kèlkonk. Espesyalman, UPWP a se yon plan finansye ki pwodui nan konfòmite avèk pwosesis planifikasyon transpò metwopoliten ki gen manda federal la, ke yo rekonèt kòm pwosesis planifikasyon 3C. (gade graf a kote a)

Devlopman UPWP a enplike pou bay priyorite a tout etid planifikasyon transpò potansyèl ak analiz teknik ki ka antreprann pou benefisye rejyon an nan yon ane kèlkonk. Dimansyon ak bidjè etid priyorite yo dokimante nan UPWP a. Objektif la se asire ke rezilta etid yo ede reyalize objektif transpò ke MPO a, atravè pwosesis piblik li yo, te fikse pou rejyon an.

Esansyèlman, UPWP a sèvi kòm yon sous pou enfòmasyon sa yo:

1. Enfòmasyon pou ofisyèl gouvènman yo, ofisyèl minisipal yo, ak pwojè ak pwogram planifikasyon transpò sifas piblik an jeneral yo prevwa pou fèt nan rejyon Boston nan
2. Enfòmasyon Bidjè pou ofisyèl federal ak ofisyèl eta yo sou fason MPO Rejyon Boston nan planifye pou depanse lajan planifikasyon metwopoliten federal yo sou etid ak pwogram ki fèt sou non MPO yo

Kisa yon Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten ye?

Pou resevwa finansman pou transpò federal yo, chak zòn ibanize ki gen yon popilasyon 50,000 oswa plis nan Etazini dwe fè yon pwosesis planifikasyon transpò kontinyèl ki angaje gouvènman eta ak lokal yo ansanm ak lòt moun ki gen enterè yo. Pwosesis planifikasyon 3C sa yo dwe kontinyèl, konplè, epi kowoperan.

Òganizasyon planifikasyon metwopoliten (MPO) yo se antite ki responsab pou egzekite pwosesis planifikasyon sa a. Òganizasyon planifikasyon metwopoliten (MPO) a konpoze ak yon konsèy pou pran desizyon ki sipòte pa anplwaye li yo, Anplwaye Planifikasyon Transpò Santral yo.

Kijan yo defini Rejyon Boston nan?

Rejyon Boston nan genyen ladan l yon zòn apeprè 1,317 kilomèt kare epi li fòme 97 vil ak bouk, ki enkli vil ak bouk ki antoure Vil Boston yo e nan nò rive nan Ipswich, nan sid rive nan Marshfield, ak nan lwès rive nan Interstate 495. Rejyon an ebèje plis pase twa milyon moun epi li bay apeprè de milyon djòb. Kominote divèsifye yo nan rejyon an varye de kominote relativman riral, tankou Dover, nan sant vil yo nan Boston ak Cambridge. Se poutèt sa, planifikasyon transpò a dwe pran an kont divèsite demografik, kiltirèl, anviwònman, ak mobilite rejyon an.

Kijan UPWP lye ak objektif MPO Rejyon Boston yo?

MPO Rejyon Boston nan planifye pou lavni transpò rejyon Boston nan. MPO a oryante pa yon vizyon 20 lane pou yon sistèm transpò modèn, sekirize, ekita, dirab epi avanse sou plan teknolojik pou rejyon an. Vizyon sa a dekri nan Plan Transpò Alontèm (Long-Range Transportation Plan, LRTP) aktyèl MPO a, *ki Kalkile Pwogrè pou 2040*, epi l ap pi elaji nan LRTP li yo dapre devlopman, *Destinasyon 2040 lan*. Travay planifikasyon transpò ki finanse nan UPWP a se yon pati entegral pou reyalize vizyon rejyonal sa a.

Pwosesis Planifikasyon 3C a


Pwosesis planifikasyon 3C a se yon apwòch pou fè planifikasyon transpò ki enpòtan. Gouvènman federal la egzije ke MPO yo fè yon pwosesis ki kontinye, konplè, epi ki kowoperan:

- **Kontinyèl:** Planifikasyon transpò a ta dwe planifye pou orizon akoutèm ak alontèm, ki mete aksan sou pwogresyon soti nan sistèm planifikasyon, rive nan planifikasyon, pwogramasyon ak aplikasyon pwojè yo. Li ta dwe fè avèk rekonesans nesese pou re-evaluasyon kontini done ak plan yo.
- **Konplè:** Planifikasyon transpò a ta dwe antre nan tout etap ak nivo pwosesis yo epi egzamine tout mwayen yo pou asire yon apwòch planifikasyon ak apwòch pwogramasyon. Pwosesis planifikasyon an ta dwe genyen ladan l analiz eleman ki pa transpò ki asosye yo tankou itilizasyon tè, ekonomi, resous anviwònman, ak popilasyon an.
- **Kowoperan:** Planifikasyon transpò a ta dwe yon pwosesis ki fèt pou ankouraje patisipasyon tout itilizatè nan sistèm lan, tankou biznis, gwoup kominotè, òganizasyon anviwònman, piblik vwayajè, operatè kagezon, ak piblik la an jeneral.

Sa yo se objektif transpò rejyon Boston nan :

1. Sekirite: Transpò pa tout mwayen ap an sekirite.
2. Prezèvasyon Sistèm: Konsève sistèm transpò a.
3. Netwaye Lè / Netwaye Kominote yo: Kreye yon sistèm transpò ki favorize anviwònman an.
4. Jesyon Kapasite / Mobilite: Itilize kapasite enstalasyon ki deja egziste yo nan fason ki pi efikas epi ogmante kapasite transpò a nan fason ki sen.
5. Ekite Transpò: Bay aksè transpò konparab ak sèvis de kalite nan mitan kominote yo, kèlkeswa nivo revni oswa popilasyon minoritè yo.
6. Vitalite Ekonomik: Asire ke rezo transpò nou an bay yon fondasyon solid pou vitalite ekonomik.

Imaj ES-1
Lyen Ant LRTP, TIP, ak UPWP



Anplis LRTP ak UPWP, MPO a pwodui tou Pwogram Amelyorasyon Transpò (Transportation Improvement Program, TIP) pou rejyon Boston nan. Kòm plan investisman kapital ki akoutèm MPO a, TIP a dekri epi priyore pwojè konstriksyon transpò ke yo atann ki dwe reyalize pandan peryòd senk ane kap vini yo. Imaj ES-1 an montre relasyon ki genyen ant vizyon ak objektif LRTP yo; fondasyon planifikasyon pou travay MPO a, UPWP a; TIP a; ak pwosesis pou kontwole epi evalye pwogrè pou reyalize objektif rejyon an.

Ki sa fon federal metwopoliten yo ye?

Gouvènman federal la kontwole finansman, planifikasyon ak operasyon sistèm transpò sifas la atravè pwogram transpò federal la ki pwomilge lwa atravè Atik 23 ak 49 yo nan Kòd Etazini an. Re-otorization ki pi resan an nan lwa transpò sifas la se Lwa sou Reparasyon Transpò Sifas Fòmasyon Amerik la (FAST).

Finansman federal ki sipòte anpil nan travay ki dekri nan UPWP sa a soti nan de sous prensipal: Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration, FHWA) ak Administrasyon Sikilasyon Federal la (Federal Transit Administration, FTA). Sous finansman federal yo, ki konplete pa yon konkou lokal ke Depatman Transpò Massachusetts la (Massachusetts Department of Transportation, MassDOT) bay, nan fason sa a:

- **Planifikasyon 3C FHWA (PL):** Fon planifikasyon FHWA yo distribye nan Biwo Planifikasyon Transpò MassDOT la (OTP), selon yon fòmil alokasyon ki etabli pa lejislasyon federal la, pou egzekite pwosesis planifikasyon 3C a. OTP a distribye fon sa yo bay MPO Massachusetts yo dapre yon fòmil ki baze sou milyaj wout ak popilasyon rejyon an. Fòmil la te devlope pa Asosyasyon Ajans Planifikasyon Rejyonal Massachusetts (Massachusetts Association of Regional Planning Agencies, MARPA) epi yo rekonèt li kòm “fòmil MARPA” a. Repatisyon finansman PL 3C Ane Fiskal Federal 2019 la pou rejyon Boston nan se \$ 3,727,192, ki genyen ladan l, ekivalan fon eta a. Nan alokasyon sa, yo pwograme \$3,727,187 nan UPWP a.
- **Planifikasyon 3C FTA a (\$5303):** FTA bay fon planifikasyon 3C pou pwojè transpò yo MPO yo dapre Atik 5303 nan Lwa sou Sikilasyon Federal la. Fon sa yo ki egzije yon konkou lokal, distribye selon yon fòmil alokasyon, epi yo administre pa MassDOT. Alokasyon FTA pou Ane Fiskal Federal 2019 la pou rejyon Boston nan , ki genyen ladan yon ekivalan total lokal, se \$ 2,181,986. Kantite total ki pwograme nan UPWP sa a pou travay Anplwaye Planifikasyon Transpò Santral la (ki se anplwaye MPO a) dwe fè yo, MassDOT, ak Konsèy Planifikasyon Zòn Metwopoliten (Metropolitan Area Planning Council, MAPC) nan non MPO a se \$ 1,825,897. Nan total Fon 3C FTA ki afekte nan rejyon an, MassDOT, MAPC, ak MPO resevwa yon pòsyon , jan sa dekri anba a:

- **Planifikasyon 3C FTA MPO a (\$5303):** Kantite total fon FTA, ki genyen ladan l yon ekivalan lokal, ki pwograme nan UPWP sa a pou travay ke anplwaye MPO fè yo se \$1,347,600.
- **Planifikasyon 3C FTA MassDOT la (\$5303):** Kantite lajan total FTA a, ki genyen ladan l yon ekivalan lokal, ki repati bay MassDOT pou Ane Fiskal Federal 2019 la, se \$ 151.000. MassDOT sèvi ak fon sa yo pou bay yon kontra pou MPO a pou asistans planifikasyon transpò piblik pandan tout Ane Fiskal Federal la (yo rele kontra a Asistans Planifikasyon Sikilasyon MassDot (MassDot Transit Planning Assistance)).
- **Planifikasyon 3C FTA MAPC a (\$5303):** Yon pòsyon nan alokasyon FTA rejyon Boston nan ale nan MAPC. MAPC sèvi ak fon sa yo pou fè etid planifikasyon transpò li yo ki pwograme nan UPWP a. Kantite total fon FTA yo, ki genyen ladan yo yon ekivalan lokal, ki afekte nan MAPC a pou Ane Fiskal Federal 2019 la, se \$ 327,297.

Èske gen lòt sous finansman nan UPWP a?

Wi, anplis travay MPO a finanse a, anplwaye MPO—Anplwaye Planifikasyon Transpò Santral (CTPS) yo—fè analiz ak etid planifikasyon ki finanse pa ajans transpò eta, tankou MassDOT, Otorite Transpò Bè Massachusetts (Massachusetts Bay Transportation Authority, MBTA), ak Otorite Pòtyè Massachusetts (Massachusetts Port Authority, Massport). Ou ka jwenn plis detay sou ajans ki finanse etid sa yo nan Chapit 6 la .Pou Ane Fiskal Federal 2019 la, kantite finansman ajans yo ki te pwograme nan UPWP sa a pou pwojè ki te dwe fèt pa anplwaye MPO yo konsa:

- **Planifikasyon ak Rechèch FHWA nan Tout Eta a (Statewide Planning and Research, SPR): \$ 3060,000 (ki genyen ladan l fon ekivalan eta a)**
Menm jan ak nan ka fon 3C PL la, FHWA bay fon SPR pou OTP a dapre yon fòmil distribisyon. OTP a sèvi ak fon sa yo pou fè pwojè planifikasyon ak rechèch nan tout eta a. UPWP sa a dekri sèlman etid SPR- finanse ki pral fèt nan rejyon Boston nan; sepandan, OTP bay yon lis konplè sou fason yo distribye fon sa yo nan tout eta a nan yon dokiman ki rele Pwogram Travay Transpò SPR la.
- **Seksyon 5303 nan MassDOT: \$ 151,000**
- **Lòt MassDOT : \$ 357,500**
- **MBTA : \$ 618.950**
- **Massport: \$ 25,000**
- **Lòt Sous: \$ 234,600**

ES.2 KISA ETID AK AKTIVITE YE NAN UPWP ANE FISKAL FEDERAL 2019 SA?

Nan tout chapit sa yo, gen enfòmasyon detaye sou pwogram travay, etid, aktivite sipò, ak analiz teknik ki òganize nan kategori sa yo:

- **Kondisyon Sètifikasyon ak aktivite administratif yo:** UPWP a genyen ladan l aktivite MPO a dwe fè pou li ka sètifye kòm yon MPO gouvènman federal la, pou li ka kalifye pou resevwa epi distribye lajan transpò federal yo, epitou pou kenbe resous done yo ak ekipman enfòmasyon byen. Gade Chapit 4 ak 7 yo pou plis detay sou domèn travay sa yo.
- **Pwogram travay kontinyèl / kontini:** Sa yo se domèn travay ki sipòte analiz teknik ak etid planifikasyon pou vil ak bouk nan rejyon an. Gade chapit 5 lan pou plis detay sou etid sa yo ak analiz teknik yo.
- **Nouvo etid yo:** Chak ane, gen yon sèten kantite lajan pou finansman ki disponib pou nouvo etid ki dwe eskize pa anplwaye MPO yo. Efò sa yo fèt pou amelyore konesans anplwaye yo de pratik la, pou amelyore metòd analiz, ak pou evalye estrateji pou mizanplas yo. Gade chapit 5 lan pou plis detay sou etid ak analiz teknik sa yo.
- **Etid ak analiz teknik ajans yo finance:** CTPS fè analiz planifikasyon ak etid ki finance pa ajans transpò eta a, tankou MassDOT, MBTA, ak Massport .Etid ajans sa yo finance yo dekri ak plis detay nan Chapit 6 la .

Objektif MPO Rejyon Boston

Nan egzekite pwosesis planifikasyon 3C a, MPO Rejyon Boston nan vize pou reyalize objektif sa yo:

- Idantifye pwoblèm transpò yo epi devlope solisyon ki posib.
- Ekilibre konsiderasyon akoutèm ak alontèm yo.
- Repezante konsiderasyon rejyonal ak lokal yo, ansanm ak objektif ak enpak ki pou transpò ak sa ki pa pou transpò yo.
- Ede ajans k ap egzekite yo nan afektasyon desizyon politik ak pwojè yo alè pandan y ap konsidere divès enpak epi otorize opinyon tout moun ki gen enterè yo.
- Ede ajans k ap egzekite yo pou bay priyorite a aktivite transpò yo nan yon fason ki konfòm avèk bezwen ak resous rejyon an.
- Respekte lejislasyon sou transpò federal, jistis anviwonman, ak dwa egal yo.

Tablo ES-1 an genyen ladan l bidjè ki alwe pou aktivite planifikasyon 3C MPO yo nan Ane Fiskal Federal 2019 la. Tablo a reflete fon planifikasyon metwopoliten (PL) FHWA a ak Fon Seksyon 5303 FTA, ke CTPS ak MAPC prevwa pou depanse nan Ane Fiskal Federal 2019 la. Tablo a reflete tou travay CTPS ap fè avèk fon lòt ajans transpò yo bay yo.

Chapit 4 a 7 yo bay enfòmasyon detaye sou aktivite planifikasyon transpò ke CTPS ap antreprann pandan Ane Fiskal Federal 2019 la. Nouvo etid yo chwazi pou finansman nan Ane Fiskal Federal 2019 yo rezime pi ba a nan Tablo ES-2 a epi yo dekri pi an detay nan Chapit 5 lan .

Tablo ES-1
Pwogram Planifikasyon Travay Inifye pou Ane Fiskal Federal 2019 la

Etid ak Pwogram 3C pa Kategori Bidjè CTPS	Fon PL 3C	Fon Seksyon 5303	Bidjè yo Pwopoze pou Ane Fiskal Federal 2019
Administrasyon, Jesyon Resous, ak Aktivite Sipò yo	\$429,020	\$190,040	\$619,060
Egzijans Sètifikasyon MPO	\$1,895,980	\$814,930	\$2,710,910
Etid Planifikasyon ak Analiz Teknik MPO a Finanse	\$135,040	\$114,500	\$249,540
Nouvo Etid Diskrè MPO a Finanse	\$513,980	\$201,130	\$715,110
Sipò Dirèk	\$45,000	\$27,000	\$72,000
Total pou Etid ak Pwogram 3C CTPS	\$3,019,020	\$1,347,600	\$4,366,620

Travay CTPS Ajans lan Finanse	Fon Ajans yo	Sipò Dirèk	Bidjè CTPS yo Pwopoze pou Ane Fiskal Federal 2018
Fon SPR MassDOT	\$300,000	\$6,000	\$306,000
Fon Seksyon 5303 MassDOT	\$150,000	\$1,000	\$151,000
Lòt Fon MassDOT	\$357,500	\$-	\$297,100
Fon MBTA	\$615,700	\$3,250	\$618,950
Fon Massport	\$24,500	\$500	\$25,000
Lòt	\$234,600	\$-	\$234,600
Total Travay Pwojè CTPS Ajans Finanse			\$1,693,050
Total Bidjè CTPS (3C ak Travay Ajans)			\$6,059,670

Chif bidjè yo genyen ladan yo salè, frè jeneral ak sipò dirèk.

Tablo ES-1 (cont.)

Etid ak Pwogram 3C pa Kategori Bidjè MAPC	Fon PL 3C	Fon Seksyon 5303	Bidjè yo Pwopoze pou Ane Fiskal Federal 2019 FFY 2019 Budget
Administrasyon MAPC, Jesyon Resous, ak Aktivite Sipò	\$326,051	\$125,400	\$451,451
Etid Planifikasyon ak Analiz Teknik MAPC	\$382,116	\$201,897	\$584,013
Total MAPC 3C Budget	\$708,167	\$327,297	\$1,035,464
Total 3C Budget Subtotal by Funding Program (CTPS #C Budget and MAPC 3C Budget)	\$3,727,187	\$1,674,897	\$5,402,084
Travay CTPS Ajans Finanse			\$1,693,050
TOTAL KI PWOGRAME NAN ANE FISKAL FEDERAL 2019 (Bidjè 3C CTPS, Bidjè CTPS Ajans Finanse, ak Bidjè 3C MAPC)			\$7,095,134

3C = Kontini, Konplè epi Kowoperan. CTPS = Central Transportation Planning Staff (Pèsonèl Planifikasyon Transpò Santral). FFY = Federal Fiscal Year (Ane Fiskal Federal. MAPC = Metropolitan Area Planning Council (Konsèy Planifikasyon Zòn MetwoPoliten). MassDOT = Massachusetts Department of Transportation (Depatman Transpò Massachusetts. Massport = Massachusetts Port Authority (Otorite Pò Massachusetts). MBTA = Massachusetts Bay Transportation Authority (Otorite Transpò Bè Massachusetts). MPO = Metropolitan Planning Organization (Òganizasyon Planifikasyon MetwoPoliten). PL = Planning (Planifikasyon). SPR = Statewide Planning and Research (Planifikasyon ak Rechèch nan Tout Eta a). UPWP = Unified Planning Work Program (Pwogram Travay Planifikasyon Inifye).

. Nouvo etid yo chwazi pou finansman nan Ane Fiskal Federal 2019 yo rezime pi ba a nan Tablo ES-2 a epi yo dekri pi an detay nan .

Tablo ES-2
Nouvo Etid Finanse Separe pou Ane Fiskal Federal 2019

Nimewo Idantifikasyon Pwojè	Study or Program	Bidjè CTPS yo Pwopoze pou Ane Fiskal Federal 2019	Nimewo Paj
13292	Tablo Evalyasyon Kat Rapò Pyeton	\$65,000	5-4
14359	Analiz Zòn Deplasman Envèse yo	\$65,000	5-9
14360	Etid Aksè Transpò nan Distri Biznis Komèsyal yo	\$85,000	5-6
13619	Amelyorasyon Bon Mache nan Otowout Ekspres nan Bottleneck Ane Fiskal Federal 2019	\$60,000	5-11
13419	Addressing Safety, Mobility, and Access on Subregional Priority Roadways FFY 2019	\$120,000	5-13
13519	Abòde Koridò Pwiyorite yo nan Evalyasyon Bezwen LRTP Ane Fiskal Federal 2019	\$120,000	5-15
13290	Nouvo Metrik ak Metrik Emèjan pou Itilizasyon Wout	\$60,000	5-17
14361	Avni Twotwa a	\$35,000	5-8
13291	Tablo Mizajou pou Volim Otowout Ekspres yo	\$85,000	5-18
20903	Sijè Rechèch Pèsonèl MPO yo Pwodwi	\$20,110	5-20
Total Nouvo Etid Separe ak Etid Kontini yo		\$715,110	

NÒt: Enfòmasyon sa ka aktyalize toutotan bidjè UPWP Ane Fiskal Federal 2019 la kontinye ap devlope.
CTPS = Central Transportation Planning Staff (Pèsonèl Planifikasyon Transpò Santral). FFY = Federal Fiscal Year (Ane Fiskal Federal). LRTP = Long-Range Transportation Plan (Plan Transpò Alontèm). MPO = Metropolitan Planning Organization (Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten). PL = Planning (Planifikasyon). UPWP = Unified Planning Work Program (Pwogram Travay Planifikasyon Inifye).

ES.3 KI PWOSESIS POU KREYE UPWP A EPI KONTWOLE PWOGRE ETID YO?

Devlope UPWP a

Pwosesis anyèl pou kreye UPWP a genyen ladan l tou kreyasyon ak evalyasyon ide pou nouvo etid yo, ansanm ak mizajou limit yo ak rezilta antisipe yo pou aktivite analiz teknik, kondisyon sètifikasyon, ak aktivite sipò administratif k ap vini yo.

Lide pou nouvo etid yo soti nan yon konbinezon de sa ki vini apre yo:

- Opinyon piblik yo jwenn nan rankont kominotè yo ak reyinyon ak uit gwoup rejyonal minisipal rejyonal yo
- Opinyon yo jwenn nan rankont Konsèy Konsiltatif Transpò Rejyonal la kote anplwaye MPO yo diskite sou lide etid ak priyorite transpò manm òganizasyon Konsèy Konsiltatif la yo
- Opinyon komite UPWP jwenn nan rankont ki fèt pandan tout ane a ant komite MPO a ak anplwaye MPO yo. Komite UPWP a sipèviz devlopman tout dokiman UPWP a.
- Dokiman planifikasyon ki deja egziste tankou Pwosesis Jesyon Ankonbreman (Congestion Management Process, CMP) MPO a, ak Evalyasyon Bezwen LRTP a; plan kapital alontèm MBTA a; *MetroFuture* , plan alontèm MAPC a pou kwasans entelijan nan rejyon Boston nan; ak lòt etid resan yo
- Direksyon pase FHWA ak FTA a te emèt sou etid ki abòde domèn konsantrasyon sou planifikasyon transpò federal yo (pou plis enfòmasyon sou domèn konsantrasyon federal yo, gade Chapit 3 ak Tablo 3-1)
- Lèt kòmantè piblik ak pwopozisyon etid ke anplwaye MPO yo resevwa pandan evènman sansibilizasyon ak pandan peryòd kòmantè piblik la pou rapò UPWP ak lòt rapò CTPS pwodui yo
- Konsiltasyon ak MassDOT, MBTA, ak MAPC ki fèt pandan devlopman dokiman ak pandan tout ane a kòm nouvo lide pou souleve bezwen planifikasyon transpò yo
- Bezwen anplway MPO yo idantifye ki sòti nan entèraksyon kontinyèl ant anplwaye MPO, ajans eta ak òganizasyon lokal, ak gwoup kominotè yo

Lide pou nouvo etid yo konpile nan Inivè Nouvo Etid yo Pwopoze yo. Chak pwopozisyon evalye dapre kritè sa yo: kijan li ta ede rejyon an akonpli objektif LRTP yo; mwayen transpò li abòde a (yo); limit etid la; delè pou mizanplas la; ki kalite enpak li ta genyen; si li ankouraje yon òganis ki deja egziste; ak si yo te deja konsidere l nan tan lontan oswa si li se yon lide ki konplètman nouvo.

MPO a toujou ap chache amelyore pwosesis li yo atravè desizyon enklizif ak kolaboratif. Pou rezon sa a, MPO a ap chèche enplike yon seri de moun ki gen enterè divès atravè pwosesis devlopman UPWP a.

Anplwaye MPO a ap kontinye chache opinyon piblik pou ide pou *Linivè Nouvo Etid yo Pwopoze* yo epi angaje patisipan yo nan diskisyon, evalyasyon, epi evantyèlman nan priyoryasyon etid pou antre nan UPWP a. Epitou, anplwaye yo ap travay pou amelyore chèn kominikasyon MPO a, tankou sa ki vini apre yo:

- Yon sit entènèt ki angaje, ki sèvi kòm yon resous pou moun k ap chèche enflyanse planifikasyon transpò nan rejyon Boston nan
- Yon kont Twitter anime (@BostonRegionMPO) ki kouvri nouvo planifikasyon transpò ak evènman yo
- Yon blòg *TRANS REPORT* k ap pibliye rechèch ak done MPO yo nan yon fòm ki aksesib
- Sansibilizasyon ekstèn ki sible pou defans ak gwoup kominotè yo, espesyalman sa yo ki reprezante popilasyon ki te mwens patisipe nan pwosesis MPO a sou plan istorik
- Evènman piblik, patnè transpò MPO yo òganize, kote anplwaye yo jere epi koute enfòmasyon ak tab resous yo
- Orè Biwo CTPS la, evènman nan stil jounen pòt ouvèt, kote moun k ap chèche fidbak ak konsèy sou pwòjè TIP, pwopozisyon UPWP, oswa aplikasyon pou Asistans Teknik pou Transpò Kominotè yo ka kominike youn pa youn ak anplwaye MPO yo

Kisa pwosesis revizyon piblik la ye?

Fidbak ki soti nan kontak piblik la fòme yon pati ki enpòtan nan opinyon an nan UPWP a chak ane .Nan fen chak pwosesis devlopman UPWP, MPO a vote pou pibliye pou revizyon piblik, yon dokiman bouyon ki dekri travay kontinyèl, nouvo etid, ak enfòmasyon finansye yo. Apre sa, MPO a envite piblik la fè kòmantè sou Bouyon UPWP a. Anplwaye MPO yo pibliye dokiman an pou telechaje sou sitwèb MPO a (www.Bostonmpo.org) epi yo pibliye li atravè MPOinfo (yon lis distribisyon imèl ki genyen ladan l kontak minisipal, manm nan piblik la ki enterese, ak lòt moun ki gen enterè nan rejyon an) ak Twitter. MPOinfo se yon lis distribisyon imèl ki genyen ladan l kontak minisipal, manm nan piblik la ki enterese, ak lòt moun ki gen enterè nan rejyon an .Yo itilize mesaj imel yo pou kenbe tout kontak sa yo enfòmè sou opòtinite k ap vini

yo pou kòmantè piblik ak patisipasyon nan priz desizyon MPO yo, epi pou anonse lòt evènman MPO a patwone oubyen sa li fè. Anplwaye MPO yo mande tou opinyon piblik la pandan Lè Biwo CTPS yo ak nan aktivite piblik MPO a oswa patnè transpò li yo te òganize (tankou MassDOT ak MBTA). Anplwaye MPO yo konpile tout kòmantè ki te fèt pandan peryòd revizyon piblik sa a epi yo prezante yo bay konsèy MPO a.

Yo bay enfòmasyon sou pwosesis revizyon piblik pou Bouyon UPWP Ane Fiskal Federal 2019 la nan Anèks B a .

Kijan yo kontwole pwogrè ak rezilta yo?

MPO a kontwole pwogrè etid yo finanse atravè UPWP lè l apwouve pwogram travay detaye ak limit yo, ki revize rapò pwogrè chak mwa, kenbe tras bidjè etid UPWP ak dènye enfòmasyon sou depans aktyèl atravè rapò chak trimès, epi apwouve rezilta yo ki baze sou si yo atenn objèktif yo deklare nan pwogram travay yo e si yo te pwodwi rezilta yo te deklare yo.

ES.4 KI Lòt BAGAY MPO A FÈ E KIYÈS MANM YO YE?

Pwosesis planifikasyon transpò A

Atik 23, Seksyon 134 nan Lwa sou Èd Federal pou Otowout (Federal-Aid Highway Act) ak Seksyon 5303 nan Lwa Federal sou Sikilasyon an, jan yo amande l la, mande pou zòn ki ibanize a, pou yo kapab elijib pou fon federal yo, fè yon pwosesis planifikasyon 3C ki abouti sou plan ak pwogram ki konsistan avèk objèktif planifikasyon zòn metwopoliten nan. Nan konfòmite avèk egzijans sa, MPO Rejyon Boston nan etabli objèktif presi ki gide pwosesis planifikasyon 3C li yo.

Nan kad pwosesis planifikasyon 3C a, MPO Rejyon Boston nan pwodui TIP ak UPWP a chak ane. Yo rele dokiman sa yo, ansanm ak LRTP chak katr an yo, dokiman sètifikasyon (ki dekri nan Chapit 2, Seksyon 2.1.2) epi yo oblije pou MPO a sètifye ke li ranpli kondisyon federal yo; sètifikasyon sa a se yon kondisyon yo mande pou resevwa fon transpò federal yo. Anplis egzijans pou pwodui dokiman sètifikasyon yo, MPO a dwe etabli epi fè yon pwosesis patisipasyon enklizif piblik, epi kenbe modèl transpò ak resous done yo pou sipòte detèminasyon konfòmite kalite lè a, analiz transpò ekitab, ak travay ak inisyativ planifikasyon alontèm.

Manm MPO Rejyon Boston

MPO Rejyon Boston nan konpoze de yon konsèy pou vote 22 manm ki genyen ladan l ajans eta yo, òganizasyon rejyonal yo, ak minisipalite yo. Yon kat jeyografik 97 vil ak bouk nan jiridiksyon MPO a nan Imaj 1-1 nan Chapit 1 an.

Men manm pèmanan konsèy vòt MPO yo:

- MassDOT (3 syèj)
- MAPC
- MBTA
- Konsèy Administrasyon MBTA
- Massport
- Vil Boston (2 syèj)
- Konsèy Konsiltatif Transpò Rejyonal la

Manm pou vote ki eli MPO a se minisipalite yo. Yon minisipalite nan chak nan uit sou-rejyon MAPC yo genyen yon syèj, e yo genyen kat gwo syèj minisipal (de vil ak de bouk). Syèj manm eli aktyèl yo, rete konsa:

- Vil Beverly – North Shore Task Force
- Vil Everett – At-Large City
- Vil Framingham – MetroWest Regional Collaborative
- Vil Newton – At-Large City
- Vil Somerville – Inner Core Committee
- Vil Woburn – North Suburban Planning Council
- Vil Arlington – At-Large Town
- Vil Bedford – Minuteman Advisory Group on Interlocal Coordination
- Vil Braintree – South Shore Coalition
- Vil Lexington – At-Large Town
- Vil Medway – SouthWest Advisory Planning Committee
- Vil Norwood – Three Rivers Interlocal Council

FHWA ak FTA a patisipe nan konsèy la kòm manm konsiltatif (ki pa vote). Yo bay detay sou manm MPO pou vote yo nan Chapit 2. Imaj 2-1 an montre manm MPO ak òganizasyon CTPS, anplwaye MPO yo.

Gwoup Rejyonal Konsèy Planifikasyon Zòn Metwopoliten

Konsèy Planifikasyon Zòn Metwopoliten (The Metropolitan Area Planning Council, MAPC) se ajans planifikasyon rejyonal pou rejyon Boston nan ak yon ajans manm MPO a.

Pou sipòte pwosesis planifikasyon rejyonal la epi amelyore kolaborasyon ak kowòdinasyon, rejyon Boston nan divize an uit gwoup rejyon sou-rejyonal ki enplike reprezantan minisipal nan pwosesis planifikasyon an. Gwoup sa yo kapab konsantre pi byen sou sijè planifikasyon ki gen enpòtans patikilye nan rejyon yo:

- Inner Core Committee (ICC)
- MetroWest Regional Collaborative (MWRC)
- Minuteman Advisory Group on Interlocal Coordination (MAGIC)
- North Shore Task Force (NSTF)
- North Suburban Planning Council (NSPC)
- South Shore Coalition (SSC)
- SouthWest Advisory Planning Committee (SWAP)
- Three Rivers Interlocal Council (TRIC)

ES.5 APÈSI DOKIMAN SA

Dokiman UPWP sa estriktire konsa:

- Chapit 1 an bay detay ki pi detaye ak enfòmasyon sou objektif dokiman sa a, kijan li ede MPO a reyalize objektif transpò rejyonal li yo, ak finansman ki disponib nan Ane Fiskal Federal 2019 la.
- Chapit 2 a bay enfòmasyon sou pwosesis planifikasyon transpò metwopoliten nan ak ajans manm MPO Rejyon Boston nan.
- Chapit 3 a bay enfòmasyon detaye sou kad regilasyon ki gide devlopman UPWP a ak etid ak aktivite yo pwograme pou finansman, ansanm ak règleman jeneral ak konsèy MPO a konsidere nan tout travay li yo.
- Chapit 4 la genyen ladan I deskripsyon aktivite egzijans sètifikasyon yo dwe fè nan Ane Fiskal Federal 2019 la (ki genyen ladan I sipò pou MPO a, komite li yo, ak pwosesis ak aktivite ki gen rapò ak li yo), ak bidjè aktyèl ki asiyen nan chak pwogram ak aktivite.
- Chapit 5 lan prezante tablo rezime etid UPWP Ane Fiskal Federal 2015-18 ke yo te fini oswa yo prevwa fini nan fen mwa septanm 2018 la, anplis de pwodwi travay, ki enkli rapò ak memorandòm teknik; rezime etid planifikasyon MPO a ak analiz teknik k ap reyalize nan Ane Fiskal Federal 2018 la rive nan Ane Fiskal Federal 2019 la; bay deskripsyon nouvo etid planifikasyon yo chwazi pou finansman nan Ane Fiskal Federal 2019 la; e li genyen ladan I deskripsyon ajou nan analiz teknik kontinyèl ak travay sipò ke anplwaye MPO yo fè pou minisipalite yo ak rejyon an.

- Chapit 6 la genyen ladan l deskripsyon plan etid planifikasyon transpò ajans lan ak analiz teknik CTPS ap antreprann nan Ane Fiskal Federal 2019 la. Sa yo enkli kontra renouvlab tankou sibvansyon Planifikasyon ak Rechèch MassDOT Nan Tout Eta a (Statewide Planning and Research, SPR); kontra kontinyèl tankou pwogram Tit VI MassDOT la ak Baz Done Sikilasyon National MBTA a: Koleksyon Done ak Analiz; ak nouvo kontra yo.
- Chapit 7 la bay enfòmasyon detaye ak bidjè Ane Fiskal Federal 2019 la pou jesyon resous ak sipò aktivite ki fèt pa anplwaye MPO yo.
- Chapit 8 la genyen ladan l tablo rezime bidjè yo ki prezante kòman fon planifikasyon federal metwopoliten yo ap depanse pou aktivite sipò, etid ak pwogram ki dokimante nan UPWP sa a. Chapit sa a bay ofisyèl federal ak eta yo enfòmasyon ki nesèsè pou apwouve itilizasyon fon yo ak pou administre kontra yo.
- Anèks A a prezante rezime pwojè pou pwojè/etid planifikasyon transpò ki pa nan MPO a ke yo te (oswa yo pral) fè nan rejyon Boston nan. Pwojè sa yo genyen yon pwosesis revizyon ak apwobasyon separe deyò apwòch MPO a. Yo enkli nan UPWP a pou bay yon imaj plan ak etid konplè ke yo prevwa nan rejyon Boston nan epi pou asire ke efò planifikasyon MPO yo kowòdone ak lòt travay k ap kontinye.
- Anèks B a dekri pwosesis patisipasyon piblik la itilize pou devlope epi revize Bouyon UPWP a. Anèks sa a genyen ladan l tou, yon rezime komantè ekri sou Bouyon UPWP a ke yo te resevwa pandan peryòd revizyon piblik la, ansanm ak repons MPO yo de kòmantè sa yo.
- Anèks C a genyen ladan l *Inivè Nouvo Etid yo Pwopoze pou Ane Fiskal Federal 2019 la* epi li dekri pwosesis evalyasyon ke Komite UPWP a te itilize ak MPO a kòm yon gid pou chwazi nouvo etid yo.
- Anèks D a genyen ladan l yon analiz distribisyon jeyografik kote yo ki ajou - etid presi ki pwograme nan UPWP a.
- Anèks E a genyen ladan l a glosè akwonim yo.



This page intentionally blank